



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AP ANONSE GRAN OUVÈTI PREMYE NOUVO OTÈL LAKE PLACID DEPI PLIS PASE YON DESENI: OTÈL CAMBRIA

Nouvo otèl 185 chanm lan pral gen ladan restoran sèvis konplè, espas pou evènman ki fleksib ak espas rasanbleman bò dlo – sa k ap kreye omwen 50 nouvo djòb

Pwojè a baze sou angajman Gouvènè a pou sipòte endistri touris New York la apre vizit rekò ak depans an 2022 yo

Gade imaj yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo ouvèti pou 35 milyon dola otèl Cambria nan Lake Placid – premye nouvo otèl ki te louvri nan Lake Placid depi 2013. Otèl modèn, 105,645 pye kare a gen 185 chanm envite, yon restoran, espas evènman ak yon zòn rasanbleman bò dlo, epi li pral anboche plis pase 50 anplwaye apentan. Gwo ouvèti otèl Cambria a apiye sou angajman Gouvènè Hochul te pran pou sipòte ak grandi endistri touris dinamik Eta New York la, ki te jenere yon enpak ekonomik istorik 123 milya dola nan tout eta a an 2022.

"Pou premye fwa nan plis pase yon deseni, Lake Placid ap ouvri pòt yo nan yon nouvo otèl ki pral akeyi vizitè ki soti toupatou nan mond lan pou yo jwi peyizaj mayifik li yo, evènman espòtif klas mondyal yo ak tout sa North Country genyen pou l ofri," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Touris se motè eta nou an, epi gras a yon investisman eta ak patenarya nou ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la, otèl Cambria pral ede kreye djòb, atire anpil vizitè nan New York, epi bati yon ekonomi solid, pwospè nan Lake Placid."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country (North Country Regional Economic Development Council, NCREDC) a vize espesyalman devlopman lojman ak investisman nan enfrastrikti touris nan Thousand Islands ak rejyon Adirondack pou elaji ak sipòte ekonomi otelyè zòn nan k ap pwospere. Yo konnen Adirondacks pou bote natirèl li, lwazi anplennè premye klas, istwa ak aktivite ki adapte pou fanmi. Lè nou sipòte pwojè ki adrese kapasite lojman, investisman Eta New York konplete efò touris rejyonal yo. Pou sipòte pwojè sa a, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North

Country a rekòmande yon sibvansyon kapital ESD 3 milyon dola an echanj pou 51 nouvo djòb.

Devlopè Prensipal ak Manm Direktè Dual Devlopman LLC, Bhavik Jariwala, te deklare, "Mwen ta renmen eksprime rekonesans sensè nou bay Gouvènè Hochul ak Empire State Development paske yo te bay pwojè Cambria Hotel Lake Placid nou an yon sibvansyon kapital pou Devlopman Ekonomik Rejyonal. Sipò sa a se yon bagay ki enpòtan nan pèmèt vizyon nou tounen reyalite, epi nou vrèman rekonesan pou angajman ESD pou ankouraje devlopman ekonomik ak kwasans nan rejyon North Country. Nou pa ka tann pou nou wè enpak pozitif pwojè sa a epi kontribiye nan siksè kontinyèl rejyon an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lake Placid se youn nan pi bèl zòn nou yo nan Eta New York epi li konte sou ekonomi touris nou an pou pwospere. Nouvo Otèl Cambria a se yon nouvo adisyon ki byenvini nan ekonomi rejyonal la epi li pral mennen vwayajè ki soti toupatou nan Eta New York ak nan mond lan. Touris se yon motè ekonomik enpòtan pou Eta New York, epi Otèl Cambria Hotel pral sipòte endistri enpòtan sa a lè li ajoute djòb ak biznis epi kenbe tout rejyon North Country an eksite ak sa li genyen pou l ofri."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Adirondacks yo se yon jwayo pou touris Eta New York, epi gen yon nouvo lokal premye klas tankou Cambria pou lojman ak evènman espesyal pral sèlman ede ogmante afè rejyon an. I LOVE NY pa ka tann pou l pwomouvwa pwopriyete a bay vizitè yo kòm yon pati nan yon èskapad nan zòn Lake Placid nenpòt lè nan ane a, soti nan eski nan Whiteface, nan treno ekstrèm ak montay ris nan Mt. Van Hoevenberg, ki fè eksperyans pwomnad difisil (Wild Walk) nan Wild Center, pagaye sou Mirror Lake, eksplòre mize olenpik ak fè tiwolyèn nan konplèks olenpik pou sote ak eski. Lake Placid se yon egzanp pafè sou jan li fasil pou moun renmen New York."

Ko-Prezidan KREDC North Country a, James McKenna, ak Doktè Kathryn Morris, te deklare, "Nou kontan akeyi nouvo otèl Cambria a nan North Country. Antanke ko-prezidan North Country REDC nou fyè pou nou sipòte nouvo investisman ki pral ankouraje kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik nan kominote nou yo. Pandan n ap kontinye devlope endistri touris nou an, pwojè tankou sa a pral akeyi vizitè yo epi bay moun k ap viv ak travay nan rejyon an opòtinite."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Gran ouvèti otèl Cambria a se yon bon nouvèl pou rezidan ak vizitè Lake Placid yo. Gen yon nouvo otèl modèn tankou sa a se yon gwo ogmantasyon pou endistri touris k ap pwospere nou an epi li kreye plis travay ak opòtinite isit la nan North Country."

Majistra Lake Placid, Art Devlin, ak Sipèvizè Vil North Elba, Derek Doty, te deklare, "Fanmi Jariwala te gen prèske sis deseni sèvis nan kominote a nan biznis otèl, ansanm ak travay yo avèk gwoup charite lokal yo. Se yon bèl bagay pou nou wè

revitalizasyon pwopriyete a ki pral asire ke li se yon pati enpòtan nan kominote nou an pou deseni k ap vini yo. Se yon bèl bagay tou pou nou wè nouvo otèl la pral kontinye kòm yon biznis fanmi an ap dirije. Nou espere travay ak fanmi Jariwala epi swete yo bòn chans."

Sipò pou Endistri Touris Gouvènè Hochul

Gouvènè Hochul te sipòte ak priyore endistri touris New York la – youn nan motè ekonomik kle eta a. Gouvènè Hochul te lanse pake rekiperasyon "Tounen ak Touris, Tounen ak Djòb", yon investisman 450 milyon dola san presedan pou sipòte travayè endistri vwayaj yo, pwogram sipò pou ti biznis yo epi pote nouvo evènman ki inik nan Eta New York. An 2022, Gouvènè a te anonse achèvmman renovasyon 104 milyon dola Sant Olenpik Lak Placid, sa ki mete fen nan yon investisman 550 milyon dola sou sis ane nan enfrastrikti espò ivè New York yo anvan Jwèt Mondyal Inivèsitè Ivè FISU 2023 a. Gouvènè a te anonse tou gwo efò maketing I LOVE NY pou ankouraje vwayaj atravè Eta New York, ki gen ladan kanpay espesyalize tankou inisyativ vwayaj I LOVE NY Black pou ranfòse vizit vwayajè Nwa yo ak nouvo patenarya I LOVE NY pou sipòte vwayaj nan mete aksan sou istwa rich ak eritaj eta a nan bezbòl ak hip hop.

Ane pase, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York te resevwa 291.5 milyon vizitè an 2022, pi gwo kantite vizitè nan istwa Eta New York, ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk ak 123 milya dola nan enpak ekonomik total apre investisman istorik Gouvènè a nan touris, devlopman ekonomik, sekirite piblik, transpò ak lòt sektè kle. Anplis de sa, Eta New York te akòde 15 milyon dola sibvansyon Market New York pou sipòte maketing touris ak pwojè kapital, ansanm ak plis pase \$14 milyon dola sibvansyon pou 30 òganizasyon maketing destinasyon lokal ak rejyonal atravè Pwogram Sibvansyon Sou-prim Patnè Touristik EDA.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418